# KÓRKEM ÓNERGA BAǴISHLANǴAN ÓMIR

***Kamalova Gúlmaryam***
*Ózbekstan Mámleketlik konservatoriyası*
*Nókis filialı "Ulıwma kásiplik hám*
*social-gumanitar pánler kafedrası" "Muzıkatanıw"*
*qánigeligi 3-kurs studenti:* ***Saparova Gwzal***

***Annotaciya:*** Bul maqalada Igor Vitalievich Savickiydiń ómiri hám dóretiwshilik jumısına baǵıshlanǵan. Onda onıń xudojnik sıpatında qáliplesiwi, kórkem ónerge qosqan úlesi hám Nókis kórkem óner muzeyi jumısındaǵı roli haqqında sóz etiledi.

***Gilt sózleri:*** kórkem-óner, muzey, estetika, súwretlew óner, arxeologiya.

**Аннотация**: Эта статья посвящена жизни и творчеству Игоря Виталиевича Савицкого. В ней рассказывается о его становлении как художника, его вкладе в искусство и его роли в деятельности Нукусского музея искусств.

**Ключевые слова:** искусство, музей, эстетика, изобразительное искусство, археология.

Kórkem óner insan turmısınıń ajıralmas bólegi esaplanadı. Ol tek ǵana gózzallıqtı jırlap qoymastan, al xalıqtıń ótmishi, dúnyaqarası hám mádeniyatın da áwladlarǵa jetkeredi. Hár bir xalıqtıń ózine tán mádeniyatı, dástúrleri hám estetikalıq kózqarasları usı kórkem óner arqalı áwladtan-áwladqa jetip keledi. Bul processte ullı xudojnikler, ilimpazlar, pidayılar bar bolıp, olar óz ómirin xalıqtıń ruwxıy baylıǵın qásterlep saqlawǵa baǵıshlaydı. Bunday insanlar arasında Igor Vitalyevich Savickiydiń atı ayrıqsha orın tutadı. Búgin Nókistegi Qaraqalpaq mámleketlik kórkem óner muzeyi tek ǵana bir xalıqtıń emes, al pútkil insaniyattıń baylıǵı esaplanadı. Muzeydiń "Shól Luvri" atı menen tanılıwı da biykarǵa emes. Sebebi ol keń dalalar arasında jaylasqan bolsa da, onda saqlanıp atırǵan shıǵarmalar Parijdegi belgili Luvr muzeyinen kem emes. Bul orın pútkil dúnyadan ilimpazlar, kórkem óner ıqlasbentleri hám turistlerdi ózine tartpaqta. Hár bir kelgen adam bul jerde tek ǵana kórkem ónerdiń gózzallıǵınan emes, al insannıń isenimliligi, hújdanı hám mártliginen de sabaq aladı. Bul baylıqtıń jıynalıwında, saqlanıwında hám dúnyaǵa tanılıwında bir insannıń mashaqatlı miyneti, sadıqlıǵı hám pidákerligi jámlengen. Bul insan - Igor Savickiy. Igor Savickiy 1915-jılı 4-avgust kúni Ukraina paytaxtı Kiev qalasında ziyalılar shańaraǵında tuwıldı. Ákesi huqıqtanıwshı bolıp, nızam hám ádillikti súetuǵın, tártip-intizamlı insan edi. Anası bolsa mádeniyat hám ilim-pán álemine qızıqqan ziyalı hayal bolıp, kishi Igordıń dúnya qarasına úlken tásir kórsetken. Balalıq waqıtlarında ol kitaplardı súyip oqıdı, súwretlerge qızıqsındı, qolındaǵı qálem menen óz qıyalların qaǵazǵa túsiriwden zawıq

aldı. Savickiy dáslep texnikalıq tarawǵa qızıǵıp, elektrik kásibin iyelewdi niyet etken. Biraq qálbindegi kórkem ónerge bolǵan sheksiz muhabbat onı basqa jolǵa basladı. Ol Moskvaǵa barıp, xudojniklik mektebinde oqıdı. Bul dáwirde ol tek sızıwshılıq emes, al reńli súwret, grafika, kompoziciya sıyaqlı kóplegen baǵdarlarda tereń bilim aldı. Studentlik jıllarında-aq Savickiy kóplegen kórkem óner kórgizbelerinde qatnastı. Ol dóretken grafikalıq jumıslarda tábiyat kórinisleri, insan obrazları óz kórinisin taptı. Sonıń menen birge, ol óziniń qatań miynetkeshligi menen ajıralıp turatuǵın edi. Savickiydiń kórkem ónerge bolǵan muhabbatı waqıttıń ótiwi menen jáne de keńeyip, tariyx, arxeologiya hám etnografiyaǵa da qızıǵa basladı. Ol kórkem ónerdi tek súwret salıw emes, al xalıqtıń turmısı, úrp-ádetleri hám ótmish miyrasın úyreniw menen tıǵız baylanıslı dep bildi. Onıń pikirinshe, xudojnik tek qálem menen emes, al tariyxıy estelik penen de islewi kerek edi. Sol sebepli ol áyyemgi buyımlardı úyreniwge, xalıq ámeliy kórkem ónerin talqılawǵa, arxeologiyalıq tabılmalardı sızılmalarda sáwlelendiriwge qızıqtı. 1950-jili Igor Savickiydiń ómirin túpten ózgertiwshi waqıya júz berdi. Ol Xorezm arxeologiyalıq-etnografiyalıq ekspediciyasında xudojnik sipatında qatnastı. Bul ekspediciya dawamında ol Aralboyı aymaǵına, Qaraqalpaqstan jerine birinshi márte qádem qoydı. Bul jerdiń áyyemgi tariyxı, keń dalaları, áyyemgi qala qarabaxanaları, ráńbáreń naǵıslar hám xalıq kórkem óneri Savickiydi ózine tarttı. Ol salgan súwretlerinde Ellikqala esteliklerin, áyyemgi buyımlardı, tábiyat kórinislerin súwretledi. Sonday-aq, xalıq ónermenchiligi - gilem toqıw, kesteshilik, lipas naǵısları onı tań qaldırdı. Onıń júreginde "Bul baylıqlardı keleshek áwlad ushın saqlap qalıw kerek" degen kúshli tilek oyandı. Solay etip Qaraqalpaqstan Igor Savickiydiń ekinshi watanı bolıp qaldı. 1957-jılı Igor Savickiy birotala Nókiske kóship ótti. Ol dáslep Qaraqalpaq xalqınıń áyyemgi kórkem óneri, ónermenchilik buyımları hám arxeologiyalıq tabılmalardı jıynawdı basladı. Jergilikli ustalardıń qol miynet ónimleri - gilemler, kesteler, aǵash oymakerligi, gúlalshılıq buyımları oǵan ózine tán ilham berdi. Savickiy bulardıń hámmesin jıynap ǵana qoymastan, olardı hújjetlestiriw, keleshek áwladqa jetkeriw jolında jankúyerlik kórsetti. Sol jılları Aralboyı xalıqlarınıń kóplegen áyemgi estelikleri umıtılıp baratırǵan edi. Savickiy bolsa olardı joǵalıp ketiwden saqlap qalıwǵa háreket etti. 1966-jılı onıń baslaması menen Nókiste Qaraqalpaq mámleketlik kórkem óner muzeyi shólkemlestirildi. Bul muzey dáslep kishi úyde jaylasqan bolıp, onda tiykarınan xalıq ámeliy kórkem óneri hám arxeologiyalıq tabılmalar kórsetilgen. Biraq Savickiydiń ármanı bunnan da keń edi: ol bul jerdi jáhán dárejesindegi kórkem óner orayına aylandırmaqshı boldı. 20-ásirdiń baslarında Rossiyada kúshli avangard kórkem óneri rawajlangan edi. Lyubov Popova, Aleksandr Volkov, Robert Falk, Usto Mumin sıyaqlı xudojnikler jana usıllar jaratıp, kórkem óner álemine jańasha nápes alıp kirgen edi. Biraq 1930-jıllardan baslap bul kórkem óner baǵdarı Sovet Awqamında "xalıq dushpanı" dep járiyalandı. Xudojnikler quwdalawǵa ushıradı, olardıń kóplegen shıǵarmaları joq etildi yamasa jasırındı. Usı

dáwirde Savickiy mártlik qádem tasladı. Ol ómirin qáwipke túsirgen halda qadaǵan etilgen shıǵarmalardı jıynawǵa kiristi. Kóplegen xudojnikler hám olardıń áwladları oǵan isenip, óz shıǵarmaların jasırın túrde tapsıratuǵın edi. Sebebi olar Savickiydiń bul dúrdanalardı joǵaltpaytuǵının, al saqlap, keleshek áwladqa jetkeriwin biletuǵın edi. Geyde ol Moskva hám basqa qalalarǵa barıp, jasırın sawdalarda qadaǵan etilgen shıǵarmalardı satıp alar, olardı úlken qıyınshılıqlar menen Nókiske alıp keler edi. Hátte ayırım jaǵdaylarda bul isin húkimetten sır saqlawǵa tuwra keletuǵın edi. Solay etip, 1960-1970-jılları Savickiy jıynaǵan shıǵarmalar toplamı tez pátlerde bayıdı. Endi muzey fondı tek ǵana xalıq ámeliy kórkem óneri yamasa arxeologiya menen sheklenip qalmadı. Oǵan rus avangardınıń júzlegen, mıńlaǵan shıǵarmaları qosıldı. Savickiy jumısı dawamında kóplegen tosqınlıqlarǵa dus keldi. Sovet húkimetiniń arnawlı uyımları onı bárqulla baqlap bardı. Sebebi, ol jıynap atırgan shıǵarmalar "rásmiy kórkem óner" qaǵıydalarına qayshı edi. Kóp márte onıń jumısına gúman menen qaraǵan, hátte ayırım hújjetlerde oǵan qarsı "kórkem óner nıqabı astında sovet ideyalarına qarsı gúrespekte" degen ayıplawlar da jazılǵan. Biraq Savickiy kórkem ónerdi siyasattan ústin qoydı. Oǵan bola, kórkem óner insaniyattıń ulıwma baylıǵı bolıp, onı hesh bir húkimet yamasa ideologiya joq ete almaydı. Usı bekkem isenim menen ol barlıq qıyınshılıqlarǵa shıdadı. Onıń jaqın sherikleri de bul jolda úlken járdem kórsetti. Arxeologlar, etnograflar, xudojnikler, shákirtler - hámmesi Savickiy átirapında birlesip, muzeydi bayıtıwǵa úles qostı. Igor Savickiy ómiri dawamında baslaǵan jumıs búgingi kúnde de dawam etpekte. Ol tiykar salǵan Qaraqalpaq mámleketlik kórkem óner muzeyi dúnya kóleminde tán alınǵan iri kórkem óner oraylarınan birine aylandı. Muzey házirgi kúnde 80 mıńnan aslam eksponattı ózinde saqlaydı. Bul tek ǵana Oraylıq Aziyadaǵı emes, al pútkil dúnyadaǵı eń iri kollekciyalardan biri bolıp esaplanadı.

Muzey fondında úsh baǵdar ayrıqsha áhmiyetke iye:

1. Rus avangard kórkem óneri - Sovet dáwirinde qadaǵan etilgen hám umıtılıp ketken xudojniklerdiń dóretpeleri.

2. Qaraqalpaq xalıq kórkem óneri - milliy gilemler, kiyimler, naǵıslar, ámeliy kórkem óner buyımları.

3. Arxeologiyalıq tabılmalar - áyyemgi Xorezm hám Qaraqalpaqstan aymaǵınan tabılǵan estelikler, áyyemgi teńgeler, gúlal buyımlar. Búgingi kúnde bul muzey dúnyanıń hár qıylı múeshlerinen kórkem óner ıqlasbentlerin ózine tartpaqta. Hár jılı mıńlaǵan turistler Nókiske kelip, muzeydi tamashalaydı. Olardıń arasında belgili ilimpazlar, xudojnikler, rejissyorlar, jurnalistler de bar. Sonıń ushın da bul orın "Shól Luvri" dep ataladı. Muzey kollekciyası kóplegen xalıqaralıq ilimiy izertlewlerge tiykar boldı. Kórkem ónertanıwshılar bul toplamdı úyrenip, rus avangardınıń jańa qırların ashtı. Sebebi Moskva yamasa Sankt-Peterburg muzeylerinde saqlanbaǵan, tek ǵana Nókiste bar bolǵan kóplegen shıǵarmalar kórkem óner tariyxında oǵada úlken

áhmietke ie. 2010-jılı Savickiydiń ómiri hám iskerligi haqqında "Shól kórkem óneri" (The Desert of Forbidden Art) atlı hújjetli film súwretke alındı. Bul film tek ǵana muzeydi emes, al Savickiydiń mártlik turmısın da pútkil dúnyaǵa tanıttı. Film xalıqaralıq festivallarda kórsetilip, úlken tán alıwǵa eristi. Bunnan tısqarı, kóplegen sırt el gazeta hám jurnallarında Nókis muzeyi haqqında maqalalar járiyalandı. Máselen, "The Guardian," "The New York Times," "Le Monde" sıyaqlı abıraylı basılımlar muzeydi óz betlerinde tán alǵan.

Savickiy 1984-jılı qaytıs bolǵan bolsa da, onıń miyrası búgingi kúnde de jasap kelmekte. Nókistegi muzey onıń atı menen ataladı. Muzeyde óz aldına bólimler, hújjetler, súwretler, jeke buyımlar da saqlanadi. Bul bólimler arqalı keliwshiler Savickiydiń ómir jolı hám islegen miynetin jáne de jaqınnan sezinedi. Sonday-aq, Qaraqalpaqstan hám Ózbekstan boylap túrli mádeniy ilajlar, kórgizbeler Savickiy atına baǵıshlanadı. Ol kórkem ónerdi saqlap qalıw jolında óz ómirin baǵıshlaǵan insan sıpatında qádirlenedi. Búgingi jas xudojnikler hám kórkem ónertanıwshılar Savickiydi ózlerine ustaz dep biledi. Sebebi ol kórkem ónerdi ideologiyadan, siyasattan ústin qoya alıw, insaniyat ushın máńgi miyras jaratıw múmkin ekenligin óz ómiri menen dálillep berdi.